# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–22 जुलाई 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, श्री जगदीप धनखड़ के बढ़ियां स्वास्थ्य क कामना कइले हवें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में प्रधानमंत्री कहलें कि श्री धनखड़ के भारत क उपराष्ट्रपति के सथहीं कई गो पद पर देस क सेवा कइले क कई गो मौका मिलल। स्वास्थ्य कारन से उहां के काल्हि उपराष्ट्रपति पद से इस्तीफा दे दिहले रहलीं। राष्ट्रपति द्रोपदी मुर्मू के लिखल चिट्ठी में श्री धनखड़ कहलें कि स्वास्थ्य प्राथमिकता अउर चिकित्सा परामर्स क पालन करत उहां के जुरते परभाव से इस्तीफा दे दिहले हईं।

**********

उत्तर प्रदेश कृषि अनुसंधान परिषद के छत्तीसवां स्थापना दिवस के मौका पर आयोजित राष्ट्रीय संगोस्ठी क आजु मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ उद्घाटन कइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री प्रदेस में कृषि के सबसे बेसी रोजिगार देवे वाला क्षेत्र बतवलें।

*उत्तर प्रदेश के अंदर सर्वाधिक रोजगार देने वाला क्षेत्र कृषि आज भी है आप याद करीये लगभग तीन करोड़ किसान अकेले कृषि पर निर्भर है कृषि के बाद जो दूसरा सेक्टर है जो सर्वाधिक रोजगार दे रहा है वो एमएसएमई का सेक्टर है जिसमे एक लगभग करोड़ पैंसठ लाख के आस पास लोग इसके माध्यम से रोजगार प्राप्त करते है और फिर अलग अलग सेक्टर में फिर लोगो ने अलग अलग प्रकार के अपने अनुसार अर्जित किये है।*

मुख्यमंत्री कहलें कि उत्तर प्रदेस बिकसित होई त भारत के बिकसित भइले से कउनों ताकति रोकि नाही पाई। श्री योगी कहलें कि हमनी के भारत क जलवायु अउर माटी के अनुरूप सोध आ विकास के बढ़ावा देवे बदे खुद के तइयार करे के होई। प्रदेस के अन्दर ई सज्जो सम्भावना छिपल बा। उहां के कहलीं कि प्रधानमंत्री मोदी देसवासियन के सामने दुइ हजार सैंतालीस ले भारत के बिकसित कइले क लक्ष्य रखले हवें। येह लक्ष्य के हासिल कइले में राज्यन के भी आपन भूमिका निभावे के होई।

**********

कांवड़ यात्रा वाले राहिनि पर ढाबा अउर रेस्त्रां पर क्यूआर कोड क अनिवार्यता क आदेस लागू रही। सुप्रीम कोर्ट उत्तर प्रदेस सरकार के आदेस पर रोकि लगवले से फिलहाल मिनहा कइ दिहले हवे। प्रदेस सरकार कांवड़ यात्रा वाले राहिनि पर खइले–पियले के दोकानिनि, ढाबा अउर रेस्त्रां पर मालिकन क नांव बतावे वाला क्यूआर कोड के जरूरी कइले हौ, जेहके सुप्रीम कोर्ट में चुनौती दीहल गइल रहे। येह मामिला में आजु भइल सुनवाई के बाद न्यायमूर्ति एम.एम. सुन्दरेश अउर न्यायमूर्ति एन.के. सिंह क बेंच सरकार के आदेस पर रोकि लगवले से फिलहाल मिनहा कइले हौ।

**********

प्रदेस क उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य लखनऊ में पत्रकार लोगिन से बतियावत कहले हवें कि कांवड़ियन के भेस में कुछु लोगि प्रदेस क माहौल खराब कइले क कोसिस कइ रहल हवें बाकिर सरकार अइसन होखे नाही देई। अइसन अराजक तत्वन के चीन्हि के कड़ेर कार्रवाई कइल जाई। ओहर उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठको लखनऊवे में मीडिया से बतियावत कहलें कि प्रदेस में कानून व्यवस्था के कायम रक्खे बदे हमार प्रतिबद्धता है। जे भी कानून क उल्लंघन करी, सरकार ओकरे खिलाफ कड़ेर कार्रवाई करी। श्री पाठक कहलें कि धर्मांतरण होखे चाहे कउनों अउरियो मुद्दा, हमनी क सरकार हर मामिला में कानून क कड़ाई से पालन करा रहलि हौ। असामाजिक तत्वन आ कानून बिरोधी कार करे वालन के चीन्हि के उनके खिलाफ कड़ेर कार्रवाई कइल जाई।

**********

केंद्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड–सीबीएसई विद्यार्थियन क सुरक्षा बदे अपने सज्जो विद्यालयन में ऑडियो–विजुअल रेकार्डिंग वाला उच्च क्षमता क सीसीटीवी कैमरा लगावल अनिवार्य कइ दिहले हौ। एगो रिपोर्ट–

***नए मानदंडों के अनुसार, प्रवेश और निकास द्वार, गलियारों, सीढ़ियों, कक्षाओं, प्रयोगशालाओं, पुस्तकालयों, कैंटीनों और खेल के मैदानों तथा शौचालयों को छोड़कर अन्य सामान्य क्षेत्रों में कैमरे लगाए जाएँगे। कैमरों में रीयल–टाइम रिकॉर्डिंग और कम से कम 15 दिनों का डेटा उपलब्ध रहेगा जिसका उपयोग आवश्यकता के अनुसार किया जा सकेगा। समाचार कक्ष से मैं अरुण।***

**********

अजोध्या पहुंचल प्रदेस क आयुष मंत्री दयाशंकर मिश्र दयालु आजु बृजकिशोर होम्योपैथिक डिग्री कॉलेज में होम्योपैथी क जनक सर हैनिमैन के मुरती क अनावरण कइलें। येह दौरान मीडिया से बतियावत श्री दयालु कहलें कि डॉक्टर हैनिमैन एलोपैथिक क डॉक्टर रहलें अउर उहां के होम्योपैथिक विधा क खोज कइलीं। उहां के कहलीं कि जर्मनी के बाद सबसे लोकप्रिय दुनिया में जो त कउनों देस हवे त ऊ भारत हवे, जहवां होम्योपैथिक विधा क इस्तेमाल होला। ई सस्ता अउर कारगर होला।

**********

प्रसार भारती क मुख्य कार्यकारी अधिकारी अउर एशिया पेसेफिक इंस्टीट्यूट फॉर ब्रॉडकास्टिंग डेवलपमेंट जनरल कॉन्फ्रेंस क अध्यक्ष गौरव द्विवेदी कहले हवें कि प्रसार भारती भविस्य क जरूरति के पूरा करे बदे समाचार कक्ष में आर्टिफिशियल इंटेलिजेंस–एआई से संचालित समाधान क परीक्षण कइ रहल हौ। श्री द्विवेदी ई बाति कंबोडिया के सिएम रीप में बीसवां एशियाई मीडिया सम्मेलन के उद्घाटन सत्र में कहलें।

**********